

M-CHAT-R™

Tanpri, reponn kesyon suivan yo sou pitit ou. Sonje kijan pitit ou konn konpòte l anjenèral. Si w te wè pitit ou te gen konpòtman an kèk fwa, men li pa abitye genyen l, alèkile mete **non** kòm repons. Tanpri ansèkle **wi** oswa **non** pou chak kesyon. Mèsi anpil.

1. Si w lonje dwèt ou sou yon bagay ki nan sal la, èske pitit ou gade sa w ap pwente a? (PAREGZANP , si w lonje dwèt ou sou yon jwèt oswa sou yon bèt, èske pitit ou gade jwèt la oswa bèt la?)	Wi	Non
2. Ou janm mande tèt ou si pitit ou a ka soud?	Wi	Non
3. Èske pitit ou konn jwe jwèt kote l fè kòm si oswa li konn fè kwè bagay ki pa reyèl? (PAREGZANP , li fè kòm si l ap bwè nan yon gode ki vid, li fè kòm si l ap pale nan telefòn, oswa li fè kòm si l ap bay yon poupe oswa yon bèt an pelich manje?)	Wi	Non
4. Èske pitit ou renmen grenpe sou bagay? (PAREGZANP , mèb, jwèt ki nan lakou, oswa mach eskalye)	Wi	Non
5. Èske pitit ou konn fè mouvman li pa <u>abitye</u> fè ak dwèt li bò kote je li? (PAREGZANP , èske pitit ou konn souke dwèt li yo toupre je l?)	Wi	Non
6. Èske pitit ou konn lonje yon dwèt sou kichòy pou mande yo ba li l oswa pou l mande yo ede l? (PAREGZANP , li lonje dwèt sou yon kolasyon oswa sou yon jwèt li pa ka rive pran)	Wi	Non
7. Èske pitit ou konn lonje yon dwèt pou l montre w yon bagay ki enteresan? (PAREGZANP , li lonje dwèt sou yon avyon ki nan syèl la oswa sou yon gwo kamyon ki sou wout la)	Wi	Non
8. Èske pitit ou entere nan lòt timoun? (PAREGZANP , èske pitit ou gade lòt timoun, souri ba yo, oswa ale jwenn yo?)	Wi	Non
9. Èske pitit ou konn pote bagay ba ou oswa kenbe yo pou ka wè - pa paske li bezwen yo ede l, men jis pou l pataje yo? (PAREGZANP , li montre w yon flè, yon bèt an pelich, oswa yon kamyon jwèt)	Wi	Non
10. Èske pitit ou reyaji lè w rele l avèk non l? (PAREGZANP , èske li leve je l gade, pale oswa gazouye, oswa l sispann fè sa l t ap fè a lè w rele l avèk non l?)	Wi	Non
11. Lè w fè yon ti souri pou pitit ou, èske l souri ba ou tou?	Wi	Non
12. Èske pitit ou konn fache lè l tande bwi ki fèt toulejou? (PAREGZANP , èske pitit ou konn rele oswa kriye lè l tande bwi tankou bwi aspiratè oswa mizik k ap jwe byen fò?)	Wi	Non
13. Èske pitit ou a konn mache?	Wi	Non
14. Èske pitit ou gade w nan je lè w ap pale avè l, jwe avè l oswa lè w ap mete rad sou li?	Wi	Non
15. Èske pitit ou eseye chare sa w fè? (PAREGZANP , fè babay, bat bravo, oswa fè yon bwi dwòl lè w fè l)	Wi	Non
16. Si w vire tèt ou gade yon bagay, èske pitit ou vire tèt li pou l gade sa w ap gade a tou?	Wi	Non
17. Èske pitit ou eseye fè w gade l? (PAREGZANP , èske pitit ou konn gade w pou w fè l konpliman oswa èske l konn di w "gade" oswa "gade m"?)	Wi	Non
18. Èske pitit ou konprann lè w di l pou l fè yon bagay? (PAREGZANP , si w pa lonje dwèt ou, èske pitit ou ka konprann lè w di l "mete liv la sou chèz la" oswa "pote lenn nan ba mwen"?)	Wi	Non
19. Si gen yon nouvo bagay ki rive, èske pitit ou gade figi w pou l ka konnen kisa w panse de sa? (PAREGZANP , si li tande yon bwi ki etranj oswa ki dwòl, oswa si l wè yon nouvo jwèt, èske l pral gade figi w?)	Wi	Non
20. Èske pitit ou renmen aktivite ki gen mouvman? (PAREGZANP , lè w balanse l oswa lè w mate l sou jenou w)	Wi	Non